

Rapèl Enpòtan Konsènan Itilizasyon Ti Veyikil Lejè sou Kanpis la

26 Septanm 2024

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Mwen ekri w pou m raple w kèk pwèn enpòtan k ap ede nou kreye yon anviwònman transpò pi enklizif ak pi sekirize nan UMD.

Jan nou monte veyikil yo, jan nou kondwi, ak jan nou pakin konn souvan riske, enpridan ak danjere chak jou nan kanpis nou an. Tout chofè ak tout moun k ap monte ti veyikil lejè yo dwe alèz [akrèg epi règleman sou kondwi nan kanpis la](#). Men kèk règ tout moun dwe swiv pou amelyore sekirite sou wout, twotwa ak sou pasaj pou pyeton travèse nou yo:

Respekte nouvo limit sou vitès la ki se 15 mph epi kanpe devan pano STOP yo:

Jere vitès ou epi bay tèt ou tan sifizan pou w kanpe.

Kite twotwa yo lib pou pyeton yo (ak moun k ap monte bisiklèt oswa patinèt yo): Ti veyikil lejè yo dwe sikile sou wout yo oswa sou pis pou bisiklèt yo. Pyeton yo dwe itilize twotwa yo ak pasaj ki dispoze pou yo travèse yo epi yo dwe evite mache sou wout oswa sou pis pou bisiklèt yo. Kite pis pou bisiklèt yo lib pou bisiklèt ak pou ti veyikil lejè yo SÈLMAN.

Kondwi nan sans sikilasyon an ye a: Rete nan wout ou epi tann tou pa w pou w

avanse - pa plede ap fè zigzag nan liy lan lè gen ti avanse oswa lè gen blokis.

Nou youn veye sou lòt: Fè atansyon ak lòt veyikil epi ak pyeton yo. Veyikil ak motè [k ap fè vire tounen sou pis pou bisiklèt](#) yo oswa nan pasaj ki dispoze pou pyeton yo dwe kite espas sa yo pou bisiklèt ak pou pyeton yo.

Kite ti veyikil lejè yo nan plas yo: Ti veyikil lejè yo dwe ret pakin nan espas pakin aleksteryè ki fèt pou yo pakin nan epi yo pa dwe bloke chemen pyeton yo, ni antre/sòti yo oswa Yo pa ka ni itilize yo, ni estoke yo oswa rechaje yo andedan yo akoz risk ki genyen ak batri lityòm yo ki ka pran dife.

Depatman Polis Inivèsite Maryland lan ap fè tout lwa sou sikilasyon yo respekte. Ka gen kontravansyon pou moun k ap kondwi ti veyikil lejè sa yo ilegalman. Mèt veyikil ki [vyole règleman ADA yo](#) sou fason yo pakin oswa si yo te jwenn veyikil sa yo anndan batiman kanpis la ap peye yon amann jiska 70 dola (35 dola kòm frè konfiskasyon, 35 dola penalite). An plis, pwopriyetè veyikil yo jwenn anndan yo riske tonbe anba mezi disiplinè Biwo Kondwit Etidyan oswa Biwo Dwa ak Responsabilite Lavi Rezidan an.

Tout moun ka siyale yon etidyan k ap kondwi san fè pridans nan [Biwo Kondwit Etidyan \(Office of Student Conduct, OSC\)](#), epi nenpòt moun ka siyale yon dispozitif ki mal pakin. Si w kwaze yon patinèt elektrik/bisiklèt elektrik oswa yon bisiklèt ki ta mal pakin, tanpri, [Siyale](#) Dots sa nan menm moman an.

Pandan w ap ajì pou amelyore sekirite nan kanpis la, anvizaje rejwenn DOTS mwa Oktòb sa a pou yon [mwa evènman ak kado](#) pou pwomote abitud transpò sekirize

yo. Mwen ankouraje w patisipe, pou w li [gid sekirite akrègleman](#) pou ti veyikil lejè yo, epi [pou w pran angajman](#) pou pataje wout la ak lòt.

Mèsi pou kowoperasyon w nan kesyon enpòtan sa a. Ansanm, nou ka asire yon anviwònman transpò ki sekirize nan UMD.

Sensèman,

Carlo Colella

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

David B. Mitchell

Chèf Polis/Direktè Sekirite Piblik

John David Allen

Direktè Egzekitif, Depatman Sèvis Transpò